



The Children's Trust Read to Learn

Men kouman
ou kab ede pitit ou
reyisi lekòl ak
nan lavi a



The Children's Trust Read to Learn

Kote ki prezante bwochi sa a se:



Miami-Dade Family Learning Partnership

"Read to Learn" se yon pwoje pou tout Kominote a ki pou ogmante nonm elev nan twazyem ane lekòl pou yo kapb li nan nivo yo oswa yon nivo pi wo.

Pou plis ransèyman, ale sou sit wèb:

www.thechildrenstrust.org

Paske Tout Timoun Se Pitit Nou



88 pousan timoun ki pa janm diplome lekòl segondè pa t kab li byen lè yo te nan 3yèm ane e moun ki pa fini lekòl segondè touche mwens pase mwatye sa yon moun ki diplome nan kolèj ap touche.



Pou w kab ede pitit ou reyisi lekòl ak nan lavi a, li liv avèk li chak jou epi suiv ti konsèy tou senp sa yo.

Konsèy pou paran ki gen pitit nan klas preskolè:

- Li ansanm chak jou pou omwen 20 a 30 minit
- Chwazi liv ki gen foto vizaj, bèt, ak bagay ou kab lonje dwèt sou yo epi ou kab pale de yo
- Li ak yon amizman nan vwa w; sèvi ak diferan vwa pou diferan pèsonaj nan istwa yo
- Reponn kesyon pitit ou poze w. Poze pitit ou kesyon pa w epi koute repons pitit ou ap bay
- Pale de mo ki nan paj la, de son lèt yo, epi pale de kouman nou li sot sou goch al sou dwat epi sot anwo al anba.
- Montre pitit ou bagay ki alekri toupatou. Pale de mo nou wè tout kote nou pase epi mande pitit ou pou l jwenn yon nouvo mo chak fwa nou soti ansanm.
- Chante chante, rakonte istwa epi pale de bagay nou wè lè nou al vizite yon nouvo kote
- Pa kite pitit ou pase twòp tan devan konpitè ak telefizyon
- Mennen pitit ou nan bibliyotèk piblik epi prete liv ansanm avè l
- Monte bibliyotèk pa w ki chaje liv pou timoun lakay ou

